



Pou Piblikasyon Imedya: 26/10/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SELEBRE GRAN OUVÈTI OTÈL JAMES NEWBURY KI GEN 47 CHANM AK SANT EVÈNMAN WIRE NAN KONTE GREENE**

***Investisman 2 milyon dola Eta a sipòte transfòmasyon ansyen bilding faktori a pou tounen yon otèl sèvis konplè ak espas evènman bò dlo nan anba lavil Coxsackie***

***Baze sou investisman Gouvènè a pou sipòte endistri touris New York la apre vizit rekò ak depans touris an 2022***

***Vilaj Coxsackie te bay 4.5 milyon dola dènyèman atravè pwogram NY Forward la pou akselere revitalizasyon anba lavil New York yo***

**Foto otèl la disponib [isit la](#)**

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse gran ouvèti Otèl James Newbury ak sant evènman Wire nan Coxsackie, Konte Greene. Pwojè reyamenajman prèske 11 milyon dola a transfòme de ansyen izin pou tounen yon otèl boutik 47 chanm ak yon espas evènman 15,000 pye kare ki gen yon ba bò dlo ak plizyè chanm kominotè, ki chita sou angajman Gouvènè a pou sipòte endistri touris ak otèl k ap pwospere nan New York.

"Gran ouvèti Otèl James Newbury a ak sant evènman ki egalman enpresyonan, Wire, sèvi kòm yon rapèl pou vizitè ki soti toupatou nan New York ak nan tout mond lan: Anba lavil Coxsackie ouvri pou biznis", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Pandan de deseni, ansyen fondri J.G. Newbury Ironworks te chaje ak opòtinite pou estimile ekonomi lokal la, epi gras ak sipò eta a, sit istorik sa a pral ede Konte Greene akeyi yon pakèt nouvo vizitè nan eta nou an. Touris enpòtan anpil pou Eta New York, epi administrasyon mwen an rete angaje l pou l investi nan biznis yo, atraksyon yo, ak travayè yo ki fè endistri a ap bouje".

Otèl James Newbury ofri 47 chanm dekore pou reflekte rasin li nan Hudson River Valley. Ekipman yo nan otèl la gen ladan yon ba antre ak restoran, yon lakou deyò, ak gazon laj ki etann jiska bò rivyè a. Yon sal reyinyon ak yon bibliyotèk de etaj konplete sousòl la. Day Line Oyster Bar + Kitchen, restoran sou twati senkyèm etaj la, pral ouvri nan kòmansman mwa novanm epi ofri manje anndan kou deyò avèk vizyon panoramik inik ak pitorèsk.

Wire – yon espas evènman 15,000 pye kare – chita sou yon sit vwazen avèk plizyè chanm, ki gen ladan yon gwo sal de bal ak yon lakou alanteryè bò dlo. Lokal la akeyi gwo evènman, tankou maryaj, reyinyon biznis, konferans ak ekspozisyon komès, plis evènman lokal pou kominote Hudson Valley ak Rejyon Kapital la.

Otèl la ak sant evènman an rann omaj a rasin endistriyèl sit la ak rejyon an. Bilding ki okòmansman te bati nan kòmansman 20yèm syèk la, te fè pati yon fondri pou J. G. Newbury Ironworks. Apre sa, li te vin fè pati State Wire and Cable. Anvan pwojè reyitilizasyon adapte sa a, bilding yo te vid pandan omwen 20 ane. Pwojè sa a te sipòte pa yon sibvansyon kapital 2 milyon dola Empire State Development, ke Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon Kapital (Capital Region Economic Development Council, CREDC) la te rekòmande.

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Rivyè Hudson se youn nan pi bèl byen Eta New York epi nou kontan pou nou sipòte nouvo Otèl James Newburyel ki sitiye bò riv li yo. Nouvo lokal sa a pral ede revigore zòn bò dlo Coxsackie a lè li kreye yon lokal ki sipòte travay lokal yo, ki atire rezidan yo ak vizitè atravè mond lan, epi ki pral devlope ekonomi lokal la".

**Vis Prezidan Empire State Development ak Direktè Egzekitif Touris la, Ross D. Levi, te deklare,** "Otèl James Newbury Hotel ak Sant Evènman Wire se yon gwo adisyon nan lojman klas mondyal la ak lokal evènman inik yo jwenn nan Hudson Valley, Catskills ak Rejyon Kapital la. Ansanm, nouvo enstalasyon sa yo pral sèvi kòm nouvo destinasyon bò rivyè pou vwayajè k ap chèche manje, bwè ak rete, epi patisipe nan reyinyon, konferans ak evènman espesyal, sa ki ofri yo yon opòtinite pafè pou wè kijan li fasil pou renmen Eta New York".

**Direktè Flach Development & Realty, Inc., Aaron Flach, te deklare,** "Mwen remèsye kominote Coxsackie, Empire State Development ak Eta New York pou sipò yo kontinye bay nan revitalize anba lavil istorik Coxsackie la".

Gouvènè Hochul rete angaje pou l sipòte endistri touris New York la – yon motè kle nan ekonomi eta a. Gouvènè a dènyèman [te anonse](#) rekò vizit ak depans touris nan Eta New York avèk plis pase 291 milyon vizitè ki te jenere plis pase 78.6 milya dola nan depans dirèk an 2022. Nan fen ane 2021, Gouvènè Hochul te lanse pake rekiperasyon "Tounen ak Touris, Tounen ak Djòb", yon investisman 450 milyon dola san presedan pou sipòte travayè endistri vwayaj yo, pwogram sipò pou ti biznis yo epi pote nouvo evènman ki inik nan Eta New York. Gouvènè a te anonse tou efò maketing I LOVE NY pou ankouraje vwayaj nan Eta New York epi te bay plizyè dizèn milyon dola nan sipò dirèk bay òganizasyon touris yo ak lokal pou efò maketing ki gen rapò ak touris ak pwojè kapital yo.

Vilaj Coxsackie te resevwa dènyèman yon [prim 4.5 milyon dola](#) atravè NY Forward, yon eleman santral nan efò devlopman ekonomik eta a pou akselere ak elaji revitalizasyon

anba lavil New York yo. NY Forward sèvi kominote ki pi piti yo avèk yon karaktè istorik ki distenge yo de pi gwo distri komèsyal santral iben yo ki finanse jeneralman atravè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) la.

**Ko-Prezidan CREDC, Vis Prezidan Egzekitif NBT Bank, Ruth Mahoney ak Prezidan University at Albany, Doktè Havidán Rodriguez, te deklare,** "Nou pran angajman pou sipòte ak envesti estratejikman nan pwojè ki bati sou resous inik rejyonal nou yo, soti nan anba lavil istorik yo rive nan bò dlo ki enspire yo, ki ka vin destinasyon pou vizitè ak rezidan yo. Otèl James Newbury ak sant evènman Wire pral pote nouvo lavi nan bilding sa yo, ajoute travay ak enèji nan anba lavil Coxsackie a epi devlope ekonomi pi laj la".

**Manm Asanble Christopher Tague te deklare,** "Pwojè sa a ki nesesè anpil deja fè anpil pou Coxsackie. Otèl ak sant evènman an bay travay, sipòte biznis lokal yo, atire touris, konplete ekonomi an epi revitalize anba lavil istorik la. Mwen kontan wè ki kote wout sa a pral mennen ti vil nan nò eta nou an".

**Sipèvizè Vil Coxsackie, Richard Hanse, te deklare,** "Sant evènman Wire ak Otèl James Newbury se kle nan revitalizasyon Distri Istorik Reed Street nan Coxsackie. Yo pral elaji kliyantèl pou revandè lokal nou yo epi prezante vizitè yo bote bò rivyè Coxsackie ak kominote riral yo".

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)